



Rete ansante lakay ou ak telesante

Kisa telesante ye? Aksè fasil pou jwenn swen lè w bezwen !!



Rankont fasafas atravè videyo



Konsiltasyon nan telefòn

Kounye a, Medicare sipòte vizit vityèl doktè!

Asirans ou peye pou vizit sa yo.

Kijan sa mache ak kisa pou m fè?

- Wap bezwen yon telefòn, yon òdinatè, yon telefòn entèlijans oswa yon tablèt tankou yon iPad pou vizit ou a.
- Pwofesyonèl sante w la pral itilize yon videyo prive oswa yon telefòn pou l rele w oswa pou l konekte avèk ou.
- Ou ka bezwen rele pwofesyonèl sante w la si w bezwen èd pou w konekte.
- Pou prepare rankont lan, ekri lis kesyon ke w genyen yo pou w pataje ak doktè w la.
- Chita nan yon espas ki konfòtab epi mete rad ki konfòtab sou ou.
- Kenbe sou lamèn yon plim ak yon papyè pou w ekri enfòmasyon doktè a ap ba w yo.

Avantaj telesante yo:

- Ekonomi tan pwiske deplasman pa nesèsè
- Eliminasyon sal datant ak transpò piblik
- Pèmèt ou jwenn aksè ak doktè ki lwen lakay ou
- Diminye sou depans deplasman
- Evite tann lontan nan sal datant biwo doktè yo
- Fleksibilite an fonskyon orè w konsa li pi fasil pou w pran randevou

Efikas lè w itilize l pou:

- Evalyasyon ak dyagnostik
- Jesyon medikaman
- Swivi woutin ak referans pou espasyalis
- Sante mantal ak konpòtmantal
- Tès depistaj sante
- Edikasyon sou sante
- Entèraksyon ak lòt moun
- Sipò ak terapi atravè dyalòg

Si w bezwen asistans pou w planifye yon randevou Telesante, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 1-888-794-7268 (TTY 711) soti 8 a.m. rive 8 p.m., 7 jou sou 7.

Senior Whole Health respekte lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab yo e li pa diskrimine sou baz ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks.
H2224_2021_19227_C Approved 4/20/2021_HCR.